

Pou Piblikasyon Imedya: 07/06/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO MANDE POU YO LIMEN PON MARIO M. CUOMO AN ORANJ
ASWÈ A POU MAKE JOUNEN SANSIBILIZASYON NASYONAL KONT VYOLANS
ZAM**

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te mande pou yo limen Pon Mario M. Cuomo an an oranj aswè a, Vandredi 7 Jen, pou make Jounen Sansibilizasyon Nasyonal kont Vyolans Zam 2019 (National Gun Violence Awareness Day 2019).

"Pandan aksyon ensanse vyolans zam ap fèt nan yon regilarite efreyan, li plis pase enpòtan ke avan pou kenbe sijè sa a devan ak nan sant epi mete presyon sou gouvènman federal la pou finalman fè yon bagay", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "New York te deja gen kèk nan lwa sou zam ki pi solid nan nasyon an - kounye a Washington dwe swiv ekzanp lan. Mwen mande pou yo limen an oranj Pon Mario M. Cuomo ak moniman atravè eta a aswè a pou make Jounen Sansibilizasyon Nasyonal kont Vyolans Zam."

Lidè Majorite Sena a Andrea Stewart-Cousins te deklare, "Fleyo vyolans zam lan afekte tout kominote, epi nou dwe konfwonte li ak tout fòs nou. Majorite Demokrat Sena a te pase yon lwa sekirite zam ki istorik, men yo te bloke li pandan plizyè ane atravè Majorite Sena presedan an. Nou pral kontinye efò nou yo pou pwoteje Nouyòkè kont vyolans zam ak pwomouvwa sansibilizasyon sekirite zam."

Senatè Peter Harckham di, "Mèsi Gouvènè Cuomo paske w benyen pon an ak limyè oranj ak pou lidèchip ou nan kesyon sekirite zam. Lè nou limen pon Mario M. Cuomo an an oranj aswè a, n ap atire atansyon sou fleyo kontini yo rele vyolans zam. Mwen fyè paske lejislati Eta New York la te pase yon kantite mezi sekirite zam ki siyifikatif nan sesyon sa a ki pa vyole dwa dezyèm amannman moun yo. Poutan, nou toujou gen plis travay pou n fè".

Senatè David Carlucci te deklare, "Mèsi pou Moms Demand Action (Manman Mande Aksyon) paske ou mande pou yo klere nouvo pon an an oranj pou onore viktim ak sivivan vyolans zam epi atire sansibilizasyon sou mouvman sekirite zam lan. Nou pap sèlman di sa sifi nan Rockland, n ap pote yon limyè sou yon epidemi pou tout Nouyòkè obsève. Sena Eta New York lan te pase plizyè lwa sekirite zam ki rann lwa sou zam nou yo pami kèk ki pi solid nan nasyon an, epi nou dwe kontinye goumen pou yon fiti ki pa gen vyolans zam. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou lidèchip li sou kesyon sa a epi paske li rekonèt Jounen Sansibilizasyon Nasyonal kont Vyolans Zam".

Senatè Shelley Mayer te deklare, "Chak jou nou pran nouvel yon lòt terib aksyon vyolans zam ki te ka evite. Nou andèy pou moun ki mouri yo, epi nou travay pou evite vyolans sa a pa kontinye. Nan New York nou te fè gwo pwogrè nan avanse sekirite zam, men nou konnen nou kapab epi nou dwe fè plis pou redwi vyolans zam. Mwen

remèsye Gouvènè Cuomo paske li limen Pon Mario M. Cuomo an an oranj pou rekonèt Jounen Sansibilizasyon Nasyonal kont Vyolans Zam".

Manm Asanble Ellen Jaffee, Prezidan Asanble Komite sou Timoun ak Fanm (Assembly Committee on Children and Families), te deklare, "Ensidan jeneralize yo ki lye ak vyolans zam atravè peyi nou an rete inakseptab. Timoun ak fanmi nou yo gen dwa pou yo santi yo ansekirite nan lekòl, kay adorasyon, fwaye ak kominote yo. Nan Jounen Sansibilizasyon Nasyonal kont Vyolans Zam mwen aplodi Eta New York pou lidèchip inbranlab li sou kesyon sa a epi pou efò kontini li pou limen yon limyè sou kesyon sa a. Nou dwe mete yon fen a epidemi sa a".

Manm Asanble a James Skoufis te deklare, "Ane apre ane, gen tèlman kominote ki kontinye ap soufri akòz epidemi vyolans zam lan nan peyi nou an. Mwen fyè pou m fè pati yon lejislati eta ki valorize sekirite zam bon sans epi mwen remèsye Gouvènè a paske li limen pon an an oranj aswè a pou onore Jounen Sansibilizasyon Nasyonal kont Vyolans Zam. An nou pa janm bliye tout lavi nou te pèdi yo, epi nou dwe kontinye travay ansanm pou pwoteje tout Nouyòkè kont aksyon terib sa yo".

Manm Asanble Kenneth Zebrowski te deklare, "Mwen onore pou m kanpe ak Gouvènè Cuomo ak aktivitis Konte Rockland jodi a pandan n ap reflechi sou vyolans zam ensanse nan Peyi nou an. Pandan pon an ap limen an Oranj, an nou ranfòse rezolisyon nou pou n fè tout sa ki posib ou n pwoteje katye nou yo".

Manm Asanble Tom Abinanti te deklare, "Mwen rejwenn Gouvènè Cuomo nan souliye nesosite pou tout Ameriken mande aksyon pou mete fen ak epidemi vyolans zam lan ki kontinye ap toumante nasyon nou an. New York se lidè nan kesyon mezi bon sans, men nou ka bezwen èd tout Ameriken pou evite plis lanmò moun inosan".

June Rubin, yon volontè nan branch New York Moms Demand Action for Gun Sense in America te deklare, "Nou tèlman rekonesan pou n wè fonksyonè lokal ki eli rekonèt Jounen Sansibilizasyon Nasyonal kont Vyolans Zam ak kanpay Mete Oranj (Wear Orange) lan ak limen pon an. Wikenn sa a se yon tan pou n onore chak Ameriken vyolans zam afekte epi pote yon mesaj kategorik: Nou di se ase".

###

Lèt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)